# PEDAGOGIKA. PSIXOLOGIYA. METODIKA. PEDTEXNOLOGIYA

## BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍNÍŃ KITAP PENEN ISLESIWINDE MUǴALLIM HÁM ATA-ANANÍŃ ǴAMQORLÍǴÍ

**J.Abdijabbarova –** *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'lar :** o'qituvchi, ota-ona, kundalik rejim, kitob bilan ishlashish , mustaqil o'rganish, internet, kompyuter, sayt, maktab kutubxonasi.
**Ключевые слова:** учитель, родители, дневной режим, работа с книгами, учить самостоятельности, компьютер, интернет, сайт, школьная библиотека .
**Key words:** a teacher, parents, daily schedule, work with books, to teach self education, computer, internet, site, school library.

Mektepte, shańaraqta, jámiyetimizde balanıń tálim - tárbiyasında mashqala bolıp kiyatırǵan nárse – balalardı kitap penen islesiwge úyretiwden ibarat bolıp esaplanadı .Tilekke qarsı, bul mashqala orta hám joqarı oqıw orınlarında da ushırasadı. Bul neniń aqıbetinen ? - degen soraw tuwıladı.

Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov «Biz xalqımızdıń dúnyada hesh kimnen kem bolmawı, perzentlerimizdiń bizden góre kúshli, bilimli, dana hám álbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın bar imkaniyatlarımızdı baǵdarlap atırǵan ekenbiz, bul boyınsha ruwxıy tárbiya máselesi, hesh shubhasız, teńi joq áhmiyetke iye boladı» degen edi [1:4].

Házir baslawısh klass oqıwshıları, jas óspirimler, jaslar arasında ruwxıy tárbiyanıń negizi bolǵan kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıq aytarlıqtay emes.

Jasıratuǵını joq, kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıq ornına, qol telefonındaǵı shawqımli namalar, kompyuterdegi hár qıylı oyınlar, internettegi kereksiz saytlar orın alǵanı, bizdi júdá táshwishlendiredi. Álbette, biz internet, kompyuter hám qol telefonı menen islespeń degen túsinikten awlaqpız, biraq baslawısh tálim-tizimi tálim-tárbiyanıń tiykarǵı fundamenti bolıp esaplanadı. Sonıń ushın baslawısh klass oqıwshılarına kitaptı qızıǵıp oqıwǵa, onıń menen islesiwge, qádirine jetiwge, ardaqlawǵa, qala berdi, bul qásiyetlerdi ádetke aylandırıwda ata-ana, muǵallimniń ornı girewli.

Baslawısh klass oqıwshılarınıń kitap penen islesiwinde muǵallim hám ata-ananıń jardemi ayrıqsha orındı iyeleydi. Degen menen, ata-analar balanıń jaqsı oqıwına qalay kómeklesedi**?**

Ata-ana oqıwshılardıń kúnlik rejimin uyımlastıradı hám baqlaydı: óz betinshelikke úyretedi. Muǵallim kúnlik rejimdi saqlawdıń zárúrligine ata-analardıń isendiriwi tiyis. Ol isenimli mısallarǵa súyene otırıp, kúnlik rejimdi saqlaw balanıń oqıwshı minnetin orınlawına, densawlıǵınıń bekkemleniwine, nerv sistemasın sharshawdan saqlawǵa jaǵday dúzetuǵının dálillep kórsetedi.

Oqıwshınıń oqıw jumısın, sabaqtan bos waqıttaǵı úydegi basqa da minnetlerin rejelestiriw waqtında solardıń bárine de belgili waqıt bóliw kerek ekenin ata-ana názerde tutıwı tiyis. Álbette, ayırım waqıtlarda ulın yamasa qızın kúnlik rejimnen tıs nárselerge jumsawǵa tuwra keletuǵın jaǵdaylar da ushırasıp otıradı. Biraq, balanıń ne menen shuǵıllanıp atırǵanın esapqa almastan birdeyine jumsay beriwge bolmaydı. Geyde, mınaday jaǵday ushırasadı, balası kitapların jayıp taslap, sabaq oqıwǵa endi ǵana kiriskende, onı dúkanǵa jumsaydı yamasa qızıq kitap oqıwdı baslaǵanda, gúl suwǵarıwǵa jumsaydı, qızı otıra qalıp keste tige baslaǵanda, - úkesin oynatıp keliwge jiberedi. Balanıń nerv sistemasına baylanıslı bir jumıstan ekinshi jumısqa ótiw geyde tez, geyde áste ámelge asırılıp otıradı. Ata-ana balanıń basqa jumıstı baslawına, ózin sol jańa jumısqa psixologiyalıq jaqtan tayarlawına waqıt beriwi tiyis. Máselen, qızıq kitap oqıp atırǵanda, onı dúkanǵa jumsaw kerek bolıp qaldı. Anası qızına bılay deydi: "Aysara sol betti oqıp bolǵannan keyin, dúkanǵa barıp keliwiń kerek. Mine, mına jerge aqsha qoydım"– dewge boladi. Balanı tiykarsızdan tiykarsız bir jumıstan ekinshi jumısqa kóshire beriwdiń (eger, bul ádetke aylanıp ketse) zıyanlı tárepi de bar. Bala baslaǵan jumıstı pitkermesten, taslap ketiwge májbúr boladı. Al bul oqıwshıda jaman ádet – baslaǵan jumıstı aqırına jetkizbey taslap ketiw ádeti tárbiyalanadı. Bul nárseni tómengi klasstaǵı balalardıń ata-anaları esapqa alıwı tiyis, óytkeni balalardıń óz wazıypalarına, sabaqqa jámiyetlik tapsırmalarǵa, miynetke qatnası da tap usı jasta qáliplese baslaydı.

Muǵallim ata-analarǵa oqıwshılardıń úyge berilgen tapsırmanı orınlawın qalay baqlap otırıwı tiyis ekenin aytadı. Eń dáslep kúndelikli úyge berilgen tapsırmanıń kúndelikke jazılıp barılıwın baqlap otırıw zárúr. Keyin onıń orınlanıwın, sońınan onıń orınlanıwınıń durıslıǵın kóriw shárt. Úlkenler dápterdegi qáteni kóriw menen dárhal onı kórsetiwge asıqpawı kerek. Bala ózin-ózi tekseriwge úyreniwi kerek. Dáslep bılay dew kerek: "Sen esaptı qáte shıǵarıpsań, usınday esaplardıń durıs orınlanǵanın klassta qalay tekserip edińler, sonı yadıńa túsir, qáne. Qáteniń bar joǵın qanday usıl menen tekseriwge boladı? Bunnan hesh nárse shıqpaǵanda ǵana barıp qátesin kórsetiwge boladı.

Muǵallim balanıń jaqsı oqıwı ushın onıń kitap oqıy biliwiniń, kitapqa degen intasınıń áhmiyetin atap kórsetedi. Geyde, bala durıs oqıy almaǵanlıqtan, máseleni shıǵarıwǵa qıynalıp qaladı. Sawatlı jazıw da durıs oqıy biliwge baylanıslı.

Oqıwshılar 1-klasstan-aq, óz betinshe oqıy baslaydı, olarǵa mektep kitapxanasınan kitap alıwǵa ruxsat etiledi. Kóplegen balalar ózleriniń úy kitapxanasın jıynay baslaydı. Balalar bir-birine ózleri oqıǵan kitapları haqqında sóz etedi. Olar ózleri unatqan ádebiy personajlarǵa usaǵısı keledi.

Ata-analardıń barlıǵı da kitap oqıwdıń paydasın jaqsı biledi. Sonlıqtan da, balasınıń kitap oqıwdı unatpawı olarda tınıshsızlanıw tuwǵızadı, bul tábiyiy hám nızamlı nárse. "Balamız kitap oqıwdı unatıwı ushın ne islewimiz kerek?" – dep olar jiyi sorap turadı. Kóp kitaplar satıp alamız, al ulımız bolsa olarǵa qaramaydı".

Álbette, satıp alınǵan kitap, balamızǵa birden unawı tiyis dep oylaǵan ata-analar qátelesedi. Ata-analar tárepinen baslawısh klass oqıwshısınıń kitap oqıwına turaqlı túrde dıqqat awdarılıwı kerek. Onıń kitap oqıwına kómeklesip, basshılıq etip otırıwı kerek. Balalardı kitap oqıwdı unatıwǵa úyretiw kerek.

Kóplegen baslawısh klass oqıwshıları kitap oqıwdı unatadı. Biraq olar kitaptı tańlay bilmeydi. Sonlıqtan da balalardıń oqıwı ushın kitap tańlap alıwın úlkenler baqlap otırıwı kerek. Geypara ata-analar bılayınsha qátege jol qoyadı, qálegen kitaptı oqıw paydalı dep esaplaydı yamasa balalardıń kitap oqıwın muǵallim menen kitapxanashı baqlawi tiyis, bul jerde ata-ananıń qatnası az dep oylaydı. Shınında da, muǵallim menen kitapxanashı balalardıń kitap oqıwın tekserip otıradı, biraq olar oqıwshını ózlerine arnalmaǵan kitaplardan hár dayım saqlandırıp otırmaydı. Kitapxanashınıń, muǵallimniń hám ata-ananıń birlesip háreket etiwi ǵana balalardıń kitap oqıwınıń durıs ósiwine tásir jasaydı.

Kitap tańlaǵanda balalardıń jeke qızıǵıwshılıǵın da esapqa alıw kerek. Balalar ásirese er balalar shım-shıtırıq waqıyalar jónindegi ádebiyattı oqıwdı unatadı. Shım-shıtırıq waqıyalarǵa, ótkir hám birden ózine tartıp alatuǵın syujetlerge háwes bolıw – tábiyiy jaǵday.

Eger, balanı ósimliklerdiń yamasa haywanlardıń ómiri, jańa mashinalar, sayaxatlar ayrıqsha qızıqtıratuǵın bolsa, ol ushın jańa hám qızıqlı faktler bere alatuǵın kitaplardı tańlap alıw kerek. Balalarda, ásirese, ilimiy ádebiyatqa degen inta-ıqlastı ósiriwge dıqqat awdarǵan durıs. 3-klass oqıwshılarınıń geografiya, tábiyattanıw, texnika jónindegi ózlerine túsinikli kitaplardı oqıwı shárt.

Kishi mektep jasındaǵı balalarǵa arnalǵan gazetalar ("Jetkinshek", hám t.b.) hám jurnalları bar. Kóplegen oblastlar menen respublikalarda jergilikli balalar gazetaları menen jurnalları shıǵarılıp turadı. Balanıń jurnal yamasa gazetaǵa jazılıp oqıp júrgeni durıs. Al onday múmkinshilik joq bolsa, kitaptı kitapxanadan alıp oqıwǵa balanı úyretiw kerek.

Ata-ana óz balası bolǵan Murattı kitaptı jaman kóredi dewge bolmaydı. Ol kitaptı uzaq waqıt qolında uslap, súwretlerin kórip, betlerin awdarıstırıp otıradı. Biraq ózi oqıwdı unatpaydı. "Aǵa mınaw qızıq kitap eken, maǵan oqıp bershi" – dep qoyadı, ol tez-tez ákesine. Ákesi kitaptı aladı da, oqıp beredi. Bir babın oqıydı da: "Endigi jaǵın óziń oqı" – dep kitaptı janına qoyadı. Murat kelesi bapta ne bolatuǵınına qızıǵadı. Sóytip, kitaptı qolına aladı, biraq óziniń oqıwı qıyın, sózler ákesi oqıǵanday ap-ańsat gápler quramaydı. Murat bir neshe qatardı birden atlap ketedi, sonlıqtan bári de túsiniksiz bolıp qaladı. Geybir sózlerdi qáte oqıydı, nátiyjede, jazılǵanlardıń mánisi buzıladı. Biraz qıynalǵan Murat kempir apasına, anasına yamasa ájapasına keledi de: "Kitap oqıp bershi"- deydi. Ara-tura olardıń birewiniń janı ashıydı da Muratqa oqıp beredi. Kún sayın usılayınsha qaytalanıp otıradı

[2:191]. Murat óz betinshe oqıwdı qálemeydi, sebebi oqıw procesi ol ushın awır. Onıń jasındaǵı balalar ushın áhmiyetli hám qızıqlı kitaptı ol qıynalıp oqıydı, al óz betinshe oqıwǵa berilgen jeńil kitaplar mazmunı boyınsha onı qızıqtırmaydı. Ata-analar balasınıń kitap oqıw texnikasın ósiriwine kómeklesiwi tiyis. Bul ushın kitaptı jiyi dawıslap oqıwǵa shınıqtırıw kerek, bul úlkenlerdiń oqıwdıń durıslıǵın tekseriwine múmkinshilik beredi.

Geyde, balalardıń eń dáslepki oqıǵan kitabı qızıq emes boladı da, onıń oyın ósirip, sezimin oyatpaydı, nátiyjede ol kitap oqıwdı unatpaytuǵın boladı. Sonlıqtan da, ata-analar balalarınıń óz betinshe oqıytuǵın dáslepki kitapların durıs tańlap alıwına saq bolıwı kerek. Bul kitaplar súwretli, qızıq, kólemi kishi, bala tez oqıp shıǵa alatuǵın bolıwı kerek. Eger de, ata-ana kitap tańlawda qıynalıp, qanday kitap satıp alıw kerek ekenin bilmese, muǵallim yamasa kitapxanashı menen aqıllasıp alǵanı durıs [2:191].

Balalardı óz betinshe oqıwǵa úyretiw ushın mınaday usıldı qollanıwǵa boladı. Úlkenler balaǵa dawıslap kitap oqıp beredi de eń qızıqlı jerge kelgende oqımay qoyadı. Kitaptaǵı waqıyaǵa qızıqqan, personajlardıń bunnan bılay ne islegenin biliwge ıntıqqan bala kóbinese kitaptıń endigi jaǵın ózi oqıp ketedi. Úlkenler keyin onnan oqıǵan jeri boyınsha sorawı, ózi oqıǵanı ushın onı maqtawı, bunnan bılay kitaptı balanıń ózi oqıy beretuǵınlıǵına isenim bildiriwi kerek. Kelesi kitaptı oqıwdı da tap usılay baslawǵa boladı. Kem-kemnen bala óz betinshe oqıwǵa ádetlenip ketedi. Balaǵa kitaptan bir epizodtı aytıp beriw kerek. Sonda baslawısh klass oqıwshısı sózsiz: "Onnan keyin ne boldı?, "Keyin ne bolǵanın aytıp bershi" – dep ótinedi. Oǵan juwap retinde kitaptı usınıw kerek: "Mine oqıp shıq. Sen bunnan kóplegen qızıq nárselerdi bilip alasań.

Balalardan: "Kitaptı kim jazǵanın umıtıp qaldım", "Kitaptı kim jazǵanın este saqlawdıń ne keregi bar, onıń ne haqqında jazılǵanın bilemen ǵoy", "Men jazıwshılardı bir-biri menen shatastıra beremen, kimniń qanday kitap jazǵanın yadta saqlay almayman" – degen sózlerdi jiyi esitiwge boladı.

Ata-analar balalarınan kitaptıń avtorı menen súwretshiniń familiyasın, kitaptıń atın este saqlap qalıwdı shıdamlılıq penen hám turaqlı túrde talap etip otırıwı tiyis. Bir kitaptı oqıy baslaǵan gezde baladan bunnan burın bul jazıwshınıń qanday kitapların oqıǵanın hám ol jazıwshı haqqında ne biletuǵının sorap otırǵan paydalı. Bala kitaptı dıqqatlı túrde, asıqpay oqıwı kerek. Baslawısh klass oqıwshıları kóbinese 5-6 bet oqıydı da qalay tamamlanatuǵının bilip alıw ushın kitaptıń sońǵı betin oqıydı. Kitaptıń keynin oqıp personajlardıń táǵdirin bilip alǵannan keyin, kitaptıń qalǵan jerin dıqqat qoyıp oqımaytuǵınlıǵı, bólek-bólek jerlerin yamasa bapların atlap ketetuǵınlıǵı, al geyde kitaptı birotala oqımay qoyatuǵını tábiyıy nárse. Ata-ana balalardıń bunday zıyanlı ádetke úyrenbewin baqlawı tiyis. Balalarǵa kitaptaǵı waqıyalardıń qalay rawajlanıp, qalay tamamlanatuǵınlıǵın aldın ala aytıp qoymawı kerek.

Eger, shańaraqta sistemalı birlesip dawıslap kitap oqıw uyımlastırılıp turılsa júdá jaqsı. Bul ata-analar menen balalardı óz-ara jaqınlastırıp, ata-analardıń óz balasın jaqsı biliwine, onıń mápleri menen qızıǵıwların túsiniwine járdemlesedi. Birlesip qızıqlı kitap tańlap alınadı. Sonda, balalar bári birge otırıp, kitap oqıytuǵın keshti asıǵa kútetuǵın boladı. Gezek penen búgin ákesi, erteń ulı, onnan keyin basqalar dawıslap oqıǵanı durıs. Dawıslap oqıw – balalar ushın paydası kóp shınıǵıw; olar tásirli, qattı hám anıq etip oqıwǵa úyrenedi. Dawıslap oqıwdıń waqtın anıqlap alıw kerek. Oqıwdıń balalardı sharshatpawı ushın, olardıń kitapqa intasın tómenletpewi ushın bul waqıt 45 minuttan aspawı kerek. Ata-analar menen balalardıń kitap tuwralı pikir almasıp turǵanı jaqsı. Balalar qáte pikirler aytatuǵın bolsa, ádepli túrde olardıń oqıǵanların durıs túsiniwine kómeklesiw kerek. Shańaraqta kitaptı uslaw, saqlay biliwge úyretiw kerek. Balalar kitaptı qálegen jerge taslawǵa, jırtıwǵa, oǵan súwret salıwǵa, betlerin búklewge, súwretler menen betlerin jırtıp alıwǵa bolmaytuǵının biliwi kerek.

Joqarıda aytılǵan pikirlerge az bolsa da itibar bersek, biz, ata-analar, ustaz-tárbiyashılar, keleshek áwladımız bolǵan perzentlerimizdiń kitap oqıw mádeniyatınıń rawajlanıwına óz úlesimizdi qosqan bolamız.

**Ádebiyatlar**

1. Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – engilmas kuch. –T.: «Ma`naviyat», 2008, 96-b.
2. Mar`enko I.S.Mektepte ta`rbiyaliq jumislardi sho`lkemlestiriw ha`m basqariw. –N.: «Qaraqalpaqstan». 1981.

**REZYUME**

Maqolada boshlang'ich sinf uquvchilarining kitob bilan ishlashda o'qituvchi va ota-onalarning hamkorligi , kitobga bo'lgan qiziqishni boshlang'ich talimda uyg'otish usullari haqidagi fikrlar berilgan. Muallif oldindan kunlik rejimning ahamiyati haqida keltirib o'tgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается совместная деятельность учителя, родителей и учеников начальных классов в работе с книгой. Приводятся методы и рекомендации по активизации интереса учеников к книгам . Автор статьи подчёркивает значение ежедневного режима. .

**SUMMARY**

The article deals with the mutual activity of teachers, parents and school children in the work with a book. The author of the article presents methods and gives recommendations how to develop the learner's interest to readind books. The author also states about the importance of keeping the daily schedule.

**УДК:371.036:17.02**

# ПРОГРАММА ВНЕАУДИТОРНЫХ ЗАНЯТИЙ В ПЕДАГОГИЧЕСКОМ ВУЗЕ – СОЦИАЛЬНО-КУЛЬТУРНАЯ КОМПЕТЕНЦИЯ УЧИТЕЛЯ АНГЛИЙСКОГО ЯЗЫКА

**Н.П.Абдимуратова** – *ассистент преподаватель*

*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

**Таянч сўзлар:** таълим, технология, дарс усуллари, шакли, педагогик тизим, бўлажак чет тили ўқитувчисининг ижтимоий, маданий компетенцияси.

**Ключевые слова:** социально-культурная компетенция учителя, психология, образование, нравственность, педагогическая система, технология, формы, методы.

**Key words:** socio-cultural competence, psychology, education, morality, pedagogical system, technology, forms, methods.

Внеаудиторные занятия – целенаправленные, системно-содержательные, с целью расширения, углубления и обогащения знаний, понятий и представлений о социально-культурной компетенции будущих учителей английского языка в школе, лицее, колледже. Это– организованные и целенаправленные внеаудиторные занятия с будущими учителями английского языка. Занятия, проводимые во внеучебное время для расширения и углубления социально-культурных компетентно-педагогических знаний, умений и навыков, для развития у будущих учителей английского языка в средних общеобразовательных и специально-профессиональных учебных заведений, самостоятельности, индивидуальных способностей будущих учителей английского языка, для удовлетворения их профессионально-творческих потребностей и интересов, обеспечения возможностью активного проявления в будущей педагогической деятельности профессионально-профильной компетенции [1].

Основными организационными формами занятия являются лекционная, теоретико-практическая, социально-культурного содержания. А также - участие студентов – будущих учителей английского языка в культурно-массовых мероприятиях, посвящённых культуре, художественной литературе Англии. Например, участие в литературных чтениях, конференциях (читательских, конкретно-тематических);

в дискуссиях, диалогах;

в конкурсах (чтение английской поэзии, прозы, в том числе, на английском языке);

в соревнованиях на лучший перевод (заданного и «своего» текста из произведений английских писателей);

в конкурсах по чтению английской поэзии и прозы, в том числе, на английском языке; составлению «своих» (авторских) словарей – необходимых слов и терминов в процессе формирования социально-культурной компетенции, личного русско-английского словаря по темам занятий (на конкурсной основе); и другие дела, занятия, задания работы социально-культурного предназначения, в том числе, по интересу, способностям и предпочтению, требующие социально-культурной компетенции учителя английского языка (технологические разработки внеурочных занятий по английской литературе со школьниками; методические доклады, рекомендации – учителю английского языка по социально-культурной компетенции.

Программа внеаудиторных занятий – «Социально-культурная компетенция учителя английского языка» разрабатывается на следующих основах: методологической, со ссылкой на Национальную